


Kontinye fè pitit ou a grandi kòm yon lektè pandan vakans lekòl-Lakay ak nan kominote w la



Konsèy pou Fanmi ak Moun k ap pran swen timoun (K-5)

Chè fanmi,

Pandan vakans lekòl, li posib pou elèv nou yo jwenn kèk tan lib.

Pi ba a, nou bay kèk konsèy sou mwayen gratis pou ede pitit ou a kontinye grandi kòm yon lektè pandan vakans lekòl, ni lakay ni deyò nan kominote w la. Tanpri kontakte pwofesè pitit ou a, moun ki nan bibliyotèk oswa kowòdonatè paran nou an si w vle gen plis enfòmasyon.

Avèk rekonesans,

Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS)

Kontinye grandi lakay

Pandan vakans lekòl, pitit ou a gen chans pou l pase kèk tan lib lakay li. Men kèk fason pou ede pitit ou a kontinye grandi kòm yon lektè pandan blòk tan sa yo:

- 1. Kenbe woutin lekti w la.** Vakans lekòl se yon bon moman pou sispann woutin ou an epi pou asire w pitit ou a gen chans pou fè chwa sou kòman pou l jwe oswa itilize tan l. Men, eseye rete nan woutin lekti ou genyen lè lekòl ap fonksyone a. Kit ou li yon liv ansanm avan w dòmi, tandè liv odyo pandan w nan machin oswa nan tren kit ou chante chanson pandan w ap prepare pou jounen an, kenbe nenpòt woutin nou pataje ki gen rapò ak alfabetizasyon pral ede pitit ou a kontinye grandi kòm yon lektè pandan vakans lan.
 - Sonje, ou ka prete liv an kopi enprime nan plizyè lang GRATIS nan New York Public Library (nypl.org) (adrès nan Bronx, Manhattan, ak Staten Island), Brooklyn Public Library (bklynlibrary.org), ak/oswa Queens Public Library (queenslibrary.org) ki bò lakay ou. Moun ki nan bibliyotèk yo ka ede w jwenn liv nan lang ou an.
 - Sora (on.nyc.gov/sora) se yon app lekti GRATIS pou elèv NYCPS ki gen e-books nan 20 lang. Li genyen tou liv odyo gratis.

Gade nan do paj la pou jwenn plis enfòmasyon ►

2. Eseye fè manje ansanm kòm yon opòtinite pou ankouraje lekti. Sa kapab senp tankou mande pitit ou a pou li li eksplikasyon ki sou yon pake avwàn enstantane pou ede w prepare manje maten. Oswa pandan w ap prepare yon manje, pale ak pitit ou a sou ki engredyan w ap ajoute ak kòmman w ap kwit yo. Ou ka mande l pou jwenn epis oswa lòt engredyan ki egzije yon ti lekti.

3. Ekri yon zanmi oswa yon manm fanmi. Ou gen yon anivèsè fanmi k ap rive? Yon zanmi ki te fè yon bèl jès? Fè pitit ou a ekri ak dekore yon kat, yon lèt oswa yon mesaj remèsiman. Li pa bezwen materyèl espesyal, sèlman papyè ak plim oswa yon konpitè, tablet, oswa smartphone.

4. Pwofite moman ekran an. Avèk moderasyon, itilizasyon teknoloji ak medya ka sipòte alfabetizasyon pitit ou a.

- Si pitit ou a chita avèk yon konpitè, tablèt, oswa smartphone:

- Ede l angaje avèk kontni amizan, gratis ki ede l sipòte kapasite lekti tankou Khan Academy Kids (khankids.org), PBS Kids (pbskids.org), oswa Starfall (starfall.com).
- Menm pou kontni ki pa sanble edikatif, ou ka toujou pale avèk pitit ou a sou li pou ankouraje kapasite pou konprann ak panse kritik. Mande: Kisa w aprann sou ____? Si w te fè videyo sa a, kisa w ta fè diferan api poukisa?
- Pale sou TV shows oswa fim pou sipòte kapasite konpreyansyon pitit ou a. Mande:
 - Kiyès ki te pèsonaj nan show a oswa nan fim lan? Kiyès ou te prefer epi poukisa?
 - Kisa ki te prensipal pwoblèm nan nan show a oswa nan fim lan? Kòmman yo te rezoud pwoblèm lan?
 - Kisa w panse ki te ide prensipal oswa prensipal mesaj show a oswa fim lan?
 - Èske fim lan oswa show a te raple w lòt ou te gade deja, oswa liv ou te li? Poukisa?

Kontinye grandi nan kominote w

Si yon moun k ap bay swen oswa yon frè/sè ki pi gran disponib pou sipèvizè, genyen tou anpil mwayen gratis pou ede pitit ou a kòm yon lektè nan kominote w la pandan vakans lan.

1. Ankouraje jwèt endepandan, deyò Menmsi li ka pa parèt konekte ak lekti, jwèt ki otodirije enpòtan anpil pou devlopman entelektyèl pitit ou a (epi li amizan!) Si pitit ou a gen yon moun k ap bay swen oswa yon lòt sibling ki pi gran ki ka jwe wòl yon swadizan sipèvizè, ale nan pak bò lakay ou a. Gen aktivite gratis estriktire pou timoun ki disponib nan sitwèb pak NYC (nycgovparks.org/events/kids). Itilize filtè yo pou jwenn aktivite ki tou pre w nan jou ou disponib.

2. Li ak pale pandan ou pral fè komisyon. Fanmi ki okipe gen plizyè kote yo ka ye, epi menm fè komisyon chak jou ka opòtinite pou lekti ak aprantisaj. Pa egzanp:

- Lè w nan boutik la, mande pitit ou a pou l li non machandiz ki sou etajè yo oswa pou li di davans ki kote ou ka jwenn kèk machandiz.
- Lè w ap tann nan liy—nenpòt kote!—jwe “I spy” pou ankouraje pitit ou a remake ak poze kesyon sou mond ki antoure l la.

3. Ale nan bibliyotèk bò lakay ou a. Si pitit ou a gen yon moun k ap bay swen oswa yon sibling ki pi gran ki ka akonpaye l, gen anpil aktivite gratis k ap fèt nan bibliyotèk bò lakay ou a pandan vakans lekòl.

- Si w abite Brooklyn, gade nan sitwèb aktivite Brooklyn Public Library (bit.ly/bklibrarykidsevents). Itilize filtè yo pou jwenn aktivite ki tou pre w nan jou ou disponib.
- Si w abite Bronx, Manhattan, oswa Staten Island, gade nan sitwèb aktivite New York Public Library (nypl.org/events/calendar). Itilize filtè yo pou jwenn aktivite ki tou pre w nan jou ou disponib.
- Si w abite Queens, gade nan sitwèb aktivite Queens Public Library (bit.ly/bklibrarykidsevents). Itilize filtè yo pou jwenn aktivite ki tou pre w nan jou ou disponib.



Eric Adams
Mayor

David C. Banks
Chancellor

schools.nyc.gov/NYCREads

[f](#) [@](#) [X](#) [v](#) /nycschools

T-37263 (Haitian Creole)